

## Deklarasyon enpak sou pwopozisyon ak prezantasyon sou egalite komite lekòl

**Tit:** Pwopozisyon Bidjè pou Ane Fiskal 2022

**Dat:** 3 fevriye 2021

**Èske yo te itilize ZOUTI PLANIFIKASYON EGALITE RASYAL BPS la? (Wi oubyen Non):**

Nan Pwogrè - Nou nan Etap 3: "Angajman aksyonè yo"

Seksyon ki gen rapò ak zouti planifikasyon egalite rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta ak ki enpak yo vle jwenn ak pwopozisyon an oswa prezantasyon an? Kiyès ki te dirije pwosesis sa a epi èske yo reflekte divèsite elèv oswa fanmi BPS yo?</i></p>	<p>Ekip BPS la ap prezante bidjè Ane Fiskal (FY) 2022 yo pwopoze a. Pandan fevriye ak mas, BPS pral rasanble kòmantè Komite Lekòl la, elèv, fanmi, anplwaye ak manm kominote yo konsènan pwopozisyon sa a. Yon pwopozisyon bidjè final yo pral soumèt nan dat 24 mas pou vòt Komite Lekòl la. Pwopozisyon an disponib sou entènèt).</p>
<p><b>2. Aliyman ak Plan Estratejik la</b> <i>Ki jan pwopozisyon oswa prezantasyon an aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Bidjè FY22 koresponn ak tout sis angajman nan Plan Estratejik la, epi enfòme pa investisman ki fèt pandan FY21 an. Bidjè sa a pwopoze 36M nan nouvo investisman ki koresponn tèt koupe ak Priyorite Plan Estratejik sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● 1.8: Faktè sante e sosyal ki kontribye nan espas opòtinite yo</li> <li>● 1.9: Sipò pou lekòl ki pa pèfòman</li> <li>● 1.10: Dispwozsyonalite/enklizyon/sipò pou elèv ki gen bezwen espesyal</li> <li>● 2.5: Eksperyans aprantisaj solid e ki konsistan</li> <li>● 2.7: Espas aprantisaj ak sipò san danje</li> <li>● 3.3: Kreye patenarya ak fanmi yo pou amelyore lekòl la ak aprantisaj elèv yo</li> <li>● 4.1: Finanse tout lekòl yo pou satisfè bezwen inik elèv ki gen anpil bezwen yo</li> </ul> <p>Nou te kontinye evalye depans planifye nou yo anrapò ak enpak COVID-19 sou elèv nou yo, fanmi yo, anplwaye yo ak operasyon yo.</p>
<p><b>3. Analiz done</b> <i>Ki done w te itilize pou analize pwoblèm oswa ka a? Èske li te repati pa ras? Ki sa li te montre konsènan diferans ki gen nan popilasyon yo majinalize yo dapre listwa?</i></p>	<p>Finansman pondere pou elèv ki reyalize pi gwo ekite nan distribisyon resous nan BPS. Menm jan ak twa dènye ane yo, pwopozisyon bidjè ane sa a akonpaye ak yon analiz endividyèl nan nivo chak elèv yo sou enplikasyon yo sou ekite alokasyon resous distri aktyèl la (analiz la enkli nan prezantasyon 3 fevriye apèsi sou lekòl la). Pandan twa dènye ane yo, analiz sa a fè konnen elèv ki se manm popilasyon istorikman defavorize yo (ki gen ladan I Nwa, Latinx ak Azyatik; revni ki ba ak elèv Edikasyon Espesyal; ak elèv k ap aprann anglè yo) an mwayèn resevwa pi wo nivo resous, sitou akòz nivo bezwen yo ki pi elve.</p> <p>Pwopozisyon FY22 a montre investisman nou yo pwopoze an jeneral, espesyalman investisman ki vize pou sipòte lekòl ki gen mwens</p>

	<p>enskripsyon yo, ogmante finansman pou elèv bezwen trè elve nou yo parapò ak elèv ki pa gen gwo bezwen.</p>
<p><b>4. Angajman aksyonè yo</b> <i>Ki moun yo te angaje (kantite, demografik ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv oswa fanmi ki pi afekte pa pwopozisyon oswa prezantasyon an te di?</i></p>	<p>Pwosesis angajman aksyonè FY22 nou yo te kòmanse nan mwa Oktòb 2020, lè nou te kòmanse rankontre ak responsab lekòl yo pou diskite epi pi byen konprann enpak chanjman enskripsyon yo ka genyen. Sou baz prèv inisyal sou diminisyon kantite enskripsyon yo pevwa yo ak difikilte responsab lekòl yo dekri ki mache ak yo, nou rekonèt bidjè ane sa ap bezwen ofri yon pi gwo sipò pou lekòl ki pa fè pati finansman pou elèv ki peze yo.</p> <p>Angajman bidjè fòmèl la te kontinye nan mwa desanm, lè lekòl yo te resevwa materyèl bidjè yo epi prezante bidjè yo bay konsèy lekòl yo. Kòmantè enfòmè bidjè endividyèl lekòl yo, e li te vin tounen yon pyès enpòtan nan fidbak ekip Finans nan te egzamine pandan pwosesis entèn "Bidjè Kolaboratif" nou an. Responsab lekòl yo te fè kòmantè sou fason pou kenbe eksperyans elèv la malgre gen mwens enskripsyon, sa ki pèmèt alokasyon \$18.5M pou sipòte lekòl ki gen mwens enskripsyon.</p> <p>Avèk prezantasyon sa a nan Pwopozisyon Bidjè nou an, nou kòmanse yon efò angajman piblik 6-semèn, ki gen ladan l senk odyans bidjè anvan vòt fòmèl Komite Lekòl la sou bidjè a nan dat 24 mas. Ekip Direktè a ak Finans lan ap egzamine opinyon piblik la ak Komite Lekòl la, epi ajoute kòmantè sa yo. Mizajou yo pral prezante bay Komite lekòl la 17 mas pou pita.</p> <p>Après vòt la, Komite Vil la pral regzamine pwopozisyon bidjè nou an epi diskite sou li nan yon pwosesis piblik ki pral soti soti avril rive jen. Nan pwèn sa a, alokasyon total bidjè nou yo ak bidjè FY22 ap vin ofisyèl.</p>
<p><b>5. Estrateji san patipri sou kesyon ras</b> <i>Kijan pwopozisyon sa a oswa prezantasyon sa a bese diferans yo epi ogmante egalite, patikilyèman egalite rasyal? Ki konsekans ki pa volontè yo? Ki estrateji konplèmantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Metodoloji alokasyon BPS Weighted Student Funding (WSF) la se estrateji kle pa nou pou asire distribisyon ekitab resous ki detèmine pa faktè kle ki gen rapò ak nivo bezwen elèv yo. WSF asire l elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv k ap aprann anglè yo resevwa alokasyon anplis. Yon konsekans ènvolontè se kapab lè kèk elèv ki gen gwo bezwen pa rantre nan okenn nan kategori sa yo. Konsa estrateji konplèmantè yo gen ladan yo lajan adisyonèl pou sèvis pou elèv ki sanzabri, ak aplikasyon Endis Opòtinite nan fon patenarya.</p> <p>Nou konnen COVID-19 te gen yon enpak dispwopòsyone sou elèv Koulè, elèv k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap, ak elèv yo ak fanmi ki nan lamizè yo.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Sipò akademik: Nou dwe jere aprantisaj ki pa fini epi bay sipò akademik endividyèl pou Elèv k ap Aprann Anglè ak elèv ki gen andikap yo</li> <li>2. Sipò Sante &amp; Byennèt: An jeneral sante fizik ak mantal se enkyetid tout yon kominote. Nou bezwen yon apwòch koyesif pou retablisman, nan tout vil la, e ki teni kont sou chòk nan rekiperasyon</li> </ol>

	<p>an. Sa gen ladann adrese gwo enpak pou anplwaye ak elèv Nwa/Bren nou yo.</p> <p>3. Kominote Sipò pou: Kominote Sipò pou: Nou dwe bati plis relasyon natif natal ak tout aksyonè yo, leve vwa elèv yo, fanmi yo, patnè ki pa sou fè pwofi yo, ak jèn travayè yo pou konstwi solisyon ki nesèsè nan nivo lekòl la.</p>
<p><b>6 Bidjè ak Ekzekisyon</b> <i>Ki enpak bidjè a fè? Kouman ekzekisyon an ap rasire pou objektif egalite yo respekte? Èske gen dirijan ak pèsònèl ki nwa, ki latino ki pote yon apò egalite rasyal?</i></p>	<p>Bidjè BPS FY22 a ap ogmante \$36M pa rapò ak bidjè FY21 an. Total kredi Fon Jeneral Vil Boston ta dwe atenn 1.3 milya dola. Chif sa yo ap monte lè pwochen kontra negosyasyon kolektif yo fini.</p> <p>Pwosesis devlopman bidjè a gen kat responsab nan Finans (twa Blan, yon Nwa), k ap jere l ak ekip Bidjè a (yon Blan, senk Koulè).</p> <p>Ekip nou an rekonèt gwo enpòtans lidèchip ak pèsònèl ki reprezante kominote n ap sèvi a. Nou aplike estrateji espesifik yo pou rekritman moun koulè ak sipò nan men Ceronne Daly ak Biwo Rekritman, Kiltivasyon ak Divèsite. Nou te anboche oswa ankouraje 14 moun depi Mas 2020, 11 nan yo se moun koulè e 13 nan yo se fanm.</p>
<p><b>7. Responsablite ak Kominikasyon</b> <i>Kouman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Kiyès k ap responsab sa a?</i></p>	<p>Anplis odyans Bidjè Komite Lekòl la ak odyans bidjè Konsèy Vil la, ekip finans la responsab pou bay kominote a ak Komite Lekòl la dènye nouèl yo pa mwayen sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Nou pral kontinye enfòmè Komite Lekòl la chak mwa alekri, ki pral poste nan <a href="http://bostonpublicschools.org/budget">bostonpublicschools.org/budget</a>.</li> <li>● Nou pral fè yon prezantasyon nan Chita pale sou Ekite Kominotè a ak Gwoup Elèv k ap aprann anglè yo.</li> <li>● Tout dokiman yo pral aktyalize, tradui epi disponib piblikman nan <a href="http://bostonpublicschools.org/budget">bostonpublicschools.org/budget</a>.</li> </ul>